



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETAP KLE NAN PWOJÈ ENÈJI EWOLYÈN OLAJ ZÒN KOT PLISKE KONTRA POU PWOJÈ EMPIRE WIND 2 AK BEACON WIND YO DEJA FINALIZE

Enplike nan batay pou opòtinite ekonomik, investisman, ak kreyasyon travay pou Eta New York

Yo anonse tou premye prim Eta a yo pou sipòte fòmasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou devlope omwen 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035

Gouvènè Kathy Hochul jodi a nan Port of Albany, ansanm ak Sekretè Enèji Ameriken Jennifer M. Granholm, Manm Kongrè Paul Tonko ak lòt ofisyèl eli yo, te anonse finalizasyon kontra ant Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Empire Wind Offshore LLC ak Beacon Wind LLC, yo chak fè yon patenarya 50-50 ant Equinor ak bp, pou pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot Empire Wind 2 ak Beacon Wind yo, ki reprezante yon etap enpòtan nan avansman devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot nan Eta New York.

"Nou konnen sa li mande pou konstwi ak soutni pou lavni, li nan ADN nou antanke Nouyòkè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè avanse pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot enpòtan sa yo, nou ka kenbe kadans nou pou devlope pwojè ki pral ankouraje kreyasyon travay vèt ak investisman ki nesèsè anpil. Okenn eta pa te santi enpak chanjman klimatik yo plis pase Eta New York, e kounye a, plis pase anvan, nou ka kontinye mennen wout la ak vizyon anbisyè nou an, k ap mennen nan nasyon an pou tranzisyon nan direksyon yon enèji renouvlab ak yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt."

Anons jodi a fèmen fòmèlman dezyèm demann konpetitif enèji ewolyèn olaj zòn kot Eta a epi li gen ladan tou premye prim yo pou Enstiti Fòmasyon Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute) Eta a. Asosye ak piblikasyon semèn sa a nan Avi Vant Final Biwo Jesyon Enèji Oseyan (Bureau of Ocean Energy Management, BOEM) pou New York Bight ak [Diskou sou Sitiyasyon Eta](#) nan kad yon investisman 500 milyon dola k ap mennen nan nasyon an nan pò enèji ewolyèn olaj zòn kot, fabrikasyon, ak chèn apwovizyonman ki pral entegre nan demann 2022 NYSERDA,

evènman sa yo reprezante yon etap enpòtan nan avanse objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035.

Sekretè Enèji Etazini an, Jennifer M. Granholm, te deklare, "Chapo ba pou Gouvènè Hochul paske li franchi yon gwo etap nan direksyon diminye bòdwo enèji pou kay New York yo, kreye de milye djòb ki byen peye, epi avanse objektif Prezidan Biden pou yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot ki solid nan Amerik la. Nou kapab e nou pral simonte defi chanjman klimatik la, epi nou pral fè li vin yon travayè enèji pwòp alafwa."

Senatè Gillibrand te deklare, "Pandan n ap selebre inovasyon New York nan enèji pwòp semèn sa a nan Albany, mwen kontan anonse patenarya kle sa a ant Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Empire Wind Offshore LLC ak Beacon Wind LLC. Sa a make yon lòt etap enpòtan nan lidèchip ak inovasyon eta nou an nan enèji pwòp ak devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye gwo travay nou an pou pote djòb enèji pwòp ak teknoloji nan New York."

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare, "Nou konnen potansyèl New York pou devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot fòmèdab. Nouvèl enteresan jodi a pral jwe yon wòl esansyèl nan elaji endistri sa a, kreye djòb ki byen peye, fòme mendèv pou enèji pou lavni, epi ede rezoud pwoblèm klima ki pi ijan nou yo. Mèsi a tout moun ki te patisipe nan anons sa a ki ap panse pou lavni an ki envesti nan rejyon nou an epi ki pouse New York pi lwen nan chemen an pou li vin tounen yon puisans nan fabrikasyon enèji ewolyèn."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Eta New York te fèm nan angajman li genyen pou li tabli tèt li kòm pi gwo mache enèji ewolyèn olaj zòn kot nan peyi a ak yon puisans mondyal pou fabrikasyon enèji ewolyèn. Kontra sa yo ak Equinor solidifye pwogrè nou an plis epi yo pral kreye nouvo opòtinite ekonomik pandan y ap konstwi yon nouvo rezo elektrik ki mache ak enèji pwòp e renouvlab ki trase chemen nou nan direksyon yon avni ki pi ansante ak pi dirab."

Pwojè Empire Wind 2 1,260 megawat ak 1,230 megawat Beacon Wind yo te bay pwovizwaman an janvyè 2021 kòm rezilta dezyèm demann konpetitif enèji ewolyèn olaj zòn kot NYSERDA a. Yo espere antre nan operasyon komèsyal an 2027 ak 2028, respektivman, pwojè yo pral ranfòse ekonomi New York la ak plis ankouraje envèstisman nan pò yo pou sipòte dirèkteman pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot pandan y ap etabli New York kòm sant chèn apwovizyonman pou enèji ewolyèn olaj zòn kot la. Peman NYSERDA yo pou pwojè yo pral kòmanse yon fwa ke yo jwenn tout pèmi obligatwa yo ak apwobasyon yo, fini konstriksyon, epi kòmanse livre kouran nan New York.

Dènye kontra pwojè yo disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA epi yo genyen angajman pou avantaj kle sa yo:

- Angajman finansman piblik ak prive san parèy ki gen 644 milyon dola nan enfrastrikti pòtyè, enkli:
 - 357 milyon dola nan premye etablisman fabrikasyon tou enèji ewolyèn olaj zòn kot nan peyi a ke yo dwe konstwi nan Pò Albany an.
 - Plis pase 287 milyon dola nan yon mizansèn ak etablisman pou asanblaj enèji ewolyèn olaj zòn kot nan South Brooklyn Marine Terminal (SBMT), ki posede pa Vil New York epi ki jere pa Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC)
 - Plis pase 8.9 milya dola nan depans yo prevwa nan eta a ak kreyasyon plis pase 5,200 djòb ki te sipòte pa salè dominan ak angajman akò travay pwojè yo.
- Enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan yo pral apeprè 0.8 pousan, oswa anviwon 0.95 dola pa mwa. Depans total pwojè yo, ki gen ladan yon depans devlopman global mwayèn ki efikas ki nan 80.40 dola pou chak megawat pa èdtan, apeprè sèt pousan pi ba pase sa yo ki te nan prim NYSERDA 2018 yo, sa ki montre enèji ewolyèn olaj zòn kot se yon resous enèji renouvlab nan pri konpetitif epi ki gen gwo avanaj.

Prezidan Equinor Wind US Siri Espedal Kindem te deklare, "Anons jodi a mete Equinor ak bp sou wout pou bay plis pase 3.3 GW enèji ewolyèn olaj zòn kot pou New York. Li ofri tou yon demonstrasyon tanjib ak gwo echèl sou aktivite ekonomik enkwayab ak potansyèl rediksyon kabòn k ap mennen nan tranzisyon enèji vèt New York la. Nou fyè pou n ede dirije kwasans endistri eksitan sa a nan New York."

vis Prezidan Prensipal bp pou Enèji Kabòn Zewo, Felipe Arbelaez, te deklare, "Sa yo se resous klas mondyal epi n ap deplase rapidman ak san danje pou fè yo pwodui enèji moun bezwen nan fason yo vle li - pandan tan sa tou l ap kreye efè pozitif pou kominote ak endistri ozalantou yo. Etap enpòtan jodi a se yon etap enpòtan an avan epi n ap kontinye travay di pou reyalize pwojè Empire Wind ak Beacon Wind yo, ki bay enèji pwòp ak yon revni ki estab pou plizyè deseni k ap vini yo."

Fred Zalcman, ki se Direktè New York Offshore Wind Alliance, te deklare, "Anons jodi a ap fè eta a vin pi pre reyalizasyon objektif li a k ap mennen nan peyi ayon fason ki inevitab ki genyen 9,000 MW disi 2035 epi asire New York kòm episan ekonomik endiskitab pou endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot emèjan. Nou felisite NYSERDA ak antrepriz Equinor-bp paske yo reyalize etap komèsyal enpòtan sa a, ansanm ak moun k ap resewva premye sibvansyon fòmasyon yo pou sipòte premye jenerasyon travayè kalifye ke yo pral deplwaye nan pwojè revolisyonè New York sa yo."

Direktè Egzekitif Climate Jobs NY la, Jeff Vockrodt, te deklare, "Sa a se yon lòt etap enpòtan nan direksyon pou diminye emisyon, asire plas New York nan endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la, epi kreye bon travay ak karyè sendika nan kominote yo atravè eta a. Nou espere travay ak administrasyon Hochul la pou asire pwojè sa yo avanse rapidman, ke djòb ki kreye yo se bon djòb sendika pou soutni fanmi yo, epi Nouyòkè yo wè avantaj ekonomik envèstisman sa yo. Nou ankouraje nou tou pou nou

wè NYSERDA planifye pou lanse pwochen demann pou enèji ewolyèn olaj zòn kot byento, ki ansanm ak dènye anons Gouvènè Hochul sou 500 milyon dola nan nouvo envèstisman nan chèn apwovizyonman pral ede konstwi pò ak lòt enfrastrikti enèji ewolyèn olaj zòn kot esansyèl."

Semèn sa a, Gouvènè Hochul te rejwenn Sekretè Enteryè Etazini an Deb Haaland, ak Gouvènè New Jersey a Phil Murphy pou anonse Avi Vant Final BOEM pou sis nouvo kontra lwaye, ki gen ladan 488,000 kawo tè total pou devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot nan New York Bight, epi piblikasyon dokiman an "Yon Vizyon Pataje sou Devlopman yon Chèn Apwovizyonman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot" ki dekri yon efò kowòdone nan chèn apwovizyonman enèji ewolyèn olaj zòn kot ant New York, New Jersey ak BOEM. Zòn lwaye adisyonèl sa yo nesèsè pou New York ak New Jersey pou yo rive atenn objektif enèji ewolyèn olaj zòn kot respektif yo epi sipòte objektif enèji ewolyèn olaj zòn kot gouvènman federal la ki se 30,000 megawat disi 2030.

Pou kontinye rete lidè Etazini nan endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la, New York pral lanse twazyèm seri demann li nan tout eta a nan kòmansman ane 2022 a. Jan sa te anonse nan Deiskou sou Sitiyasyon Eta 2022 Gouvènè Hochul la, pwochen demann NYSERDA sipoze bay omwen 2 jigawat nouvo pwojè — sa ki ase pou alimante 1.5 milyon kay, sa k ap mete total konbine eta a plis pase 4.5 milyon kay ki alimantè avèk enèji ewolyèn olaj zòn kot. NYSERDA pral asosye akizisyon sa a ak yon envestisman 500 milyon dola nan enfrastrikti enèji ewolyèn olaj zòn kot pou katalize envèstisman prive pou konstwi enfrastrikti enpòtan ki nesèsè pou asire enpòtans New York kòm sant pou endistri sa a k ap boujonnen an. Solisasyon an pral gen ladan amelyorasyon nan apwòch pou transmisyon olaj zòn kot ki baze sou rekòmandasyon ki soti nan [Etid sou Rezo Elektrisite Eta New York](#), plis aksan sou fabrikasyon nan eta a, devlopman ekonomik enklizif ak ekite klimatik, yon anfas sou relasyon sere ak fòs mendèv New York ki gen ladan konstriksyon ki te sipòte pa salè dominan ak akò travay pwojè ki genyen yo, ak nòt kredi adisyonèl pou pwojè ki pwopoze pou re-italize enfrastrikti pwodiksyon elektrik fosil ki egziste deja nan pati sid eta epi itilize depo enèji pou amelyore fyabilite sistèm alavni an.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Enèji ewolyèn olaj zòn kot ap soufle yon lè fre nan ekonomi New York la. Avèk sipò yon mendèv ki byen antrene, sektè emèjan sa a pral pote pwosperite ekonomik pou ane k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li kontinye investi estratejikman nan ekonomi nou an, anviwònman nou an ak nan mendèv New York la."

Komisè Pwovizwa epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral deziyen Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "Pò enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral alimante yon ekonomi vèt ak opòtinite ekonomik yo. Empire Wind 2 ak Beacon Wind pral rann Eta New York vin pi ekolojik epi kreye djòb vèt, sa ki fè avanse misyon Empire State Development pou prepare ekonomi nou an pou lavni. Avèk anons jodi a, New York pral kontinye rete lidè nan batay kont chanjman klimatik la ak pwodiksyon enèji vèt ak djòb vèt - sa k ap mennen nou pi pre objektif klimatik anbisye Eta a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant pou Kwasans Ekonomik lan, Mark Eagan, te deklare, "N ap konstate nesans yon sektè ki non sèlman nouvo nan Eta New York, men nan tout peyi a. Li reyèl epi li konsantre isit la - nan Rejyon Kapital la. Eta New York se yon pyonye nan endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la, e nou rekonesan anpil pou vizyon ak angajman Gouvènè Hochul ak NYSERDA. Nou felisite Equinor, bp, ak Port of Albany pou kontra sa a, ki pral ede transfòmè ekonomi nou an epi bay travay ki byen peye. CEG te kòmanse fè maketin globalman pou potansyèl enèji ewolyèn olaj zòn kot rejyon an depi twazan pase, e sa te ede kreye investisman k ap mennen nan nasyon sa a ak plis ankò k ap vini. CEG pral kontinye travay ak patnè li yo pou pwofite dola eta ak federal yo pou plis konstwi Rejyon Kapital la kòm kote ki chwazi pou fabrikasyon eleman enèji ewolyèn olaj zòn kot."

Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la

Yo te anonse jodi a tou premye seri prim konpetitif dapre Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute) ki koute 20 milyon dola Eta a, ki se pi gwo investisman piblik nan devlopman mendèv enèji ewolyèn olaj zòn kot pa nenpòt eta Etazini atravè yon patenarya ant Farmingdale State College Sate University of New York ak Stony Brook University nan Long Island, enstiti fòmasyon an gen pou objektif pou avanse pwogram fòmasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot ak enfrastrikti edikasyon ki nesèsè pou etabli yon mendèv kalifye ki ka sipòte endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot nasyonal k ap emèje a. Enstiti a pral sètifye epi fòme 2,500 travayè New York apati ane sa a pou sipòte pwojè enèji renouvlab sou tè ak olaj zòn kot yo.

De premye pwopozisyon ki genyen yo pral resevwa yon 569,618 dola konbine pou sipòte fòmasyon prematire ak devlopman konpetans pou kominote defavorize yo ak popilasyon priyorite yo - ki gen ladan veteran yo, moun ki gen andikap yo, moun ki gen revni fèb yo, moun ki sanzabri yo, ak paran selibètè - alafwa Rejyon Kapital la ak nan Vil Nouyòk. Benefisyè yo se:

- Hudson Valley Community College nan Troy, NY (HVCC)
- LaGuardia Community College nan Queens, NY (LAGCC)

Pou ede konstwi yon filyè solid pou inisyativ enèji ewolyèn olaj zòn kot Rejyon Kapital la, HVCC dènyèman te kòmanse ofri yon diplòm asosye ki dire dezan nan soudi ak fabwikasyon epi li pral konsantre efò rekritman etidyan yo sou popilasyon priyorite yo nan kominote ki defavorize nan vil ak nan zòn riral yo, bay bous detid konplè oswa pasyèl pou patisipan yo. Sant Opòtinite Edikatif (Educational Opportunity Center) Rejyon Kapital la pral bay fòmasyon konpetans fondamantal sou soudi, yon divizyon HVCC ak fòmasyon adisyonèl ki pa gen kredi ak sètifika ke yo pral bay nan kanpis prensipal kolèj la. Kolèj la pral fè patenarya tou ak fabrikan rejyonal ki bati konpozan tibin yo pou bay yon filyè mendèv kalifye ki gen bès soudi ak fabrikan, ki vize fòme 75 moun, ki gen ladan 65 ki soti nan popilasyon priyorite yo ak kominote defavorize yo.

LAGCC ap fè patenarya ak Siemens Gamesa pou konstwi yon mendèv enèji ewolyèn

olaj zòn kot enklizif ki asire yon filyè talan lokal ki solid pou konstriksyon, reparasyon, ak antretyen enstalasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot nan zòn metro Vil New York la. Kolèj la pral reyini anplwayè yo pou detaye twou vid ki genyen nan konpetans pou alafwa nouvo moun ki antre nan mendèv la ak travayè ki an plas yo nan metye konstriksyon yo pou ede enfòmè ak devlope yon kourikoulòm premye plan. Yon total senkant moun ki pa gen revni fèb nan bòdmè Brooklyn-Queens yo pral resevwa fòmasyon pou travay kòm teknisyen enèji ewolyèn olaj zòn kot.

Penny Hill, Dwayen Devlopman Ekonomik ak Inisyativ Mendèv pou HVCC, te deklare, "Hudson Valley Community College angaje l pou l ede founi mendèv la pou avni enèji pwòp Eta New York la. Anplis moun ki resevwa fòmasyon nan soudi ak fabwikasyon, kolèj la pare pou bay lòt opòtinite edikatif pou sipòte endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la. Nou pa ka tann pou nou fè patenarya ak manifakti yo pou bay fòmasyon pwofesyonèl epi konstwi kominote ki pi solid, ki pi rezistan."

Hannah Weinstock, Direktè Prensipal Devlopman Mendèv pou LAGCC, te deklare, "Konstwi yon mendèv enèji ewolyèn olaj zòn kot enklizif pral pèmèt nou asire ke kominote koulè ki gen revni fèb yo ak lòt kominote yo te kite dèyè nan tan lontan an gen yon chans pou dirije ekonomi vèt la nan tan kap vini an."

Elizabeth Yeampierre, ki se Direktris Egzekitif, UPROSE la, te deklare, "Kounye a, New York pare pou l vin yon vrè lidè nasyonal nan enèji ewolyèn olaj zòn kot akòz rezilta plizyè ane lidèchip jistis anviwonmantal an ak wòl nou nan fè adopte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. CLCPA kodifye ekite, rediksyon emisyon nan tout ekonomi an, epi mande yon minimòm 40% investisman nan Kominote Defavorize yo tankou Sunset Park, Brooklyn-menm kominote yo ki te soufri yon eritaj ak jenerasyon polisyon ak disparit sante. Lit de deseni Sunset Park ap fè pou jistis anviwonmantal ak "re-endistriyalizasyon vèt" nan pi gwo litoral endistriyèl NYC a se yon modèl ko-gouvènans pou kreye yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot ki ekitab. Lit la kounye a se pou yon tranzisyon ki jis, asire depi nan premye jou pèp nou an alafwa sou tab la ak nan travay nan endistri sa a nan chak etap nan devlopman an. UPROSE kontan anpil pou l wè pi gwo demann enèji ewolyèn olaj zòn kot nan istwa Etazini kontinye ap pwogrese an patenarya ak lidèchip kominotè ki devan liy lan ak sipò Eta a."

Adrienne Esposito, Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), te deklare, "Anons sa a se yon etap pi devan pou enèji ewolyèn, ak yon gwo pwogrè pou yon avni an enèji ki pi pwòp. Se eksitan pou wè pwogrè enpòtan ki gide tranzisyon nou an soti nan konbistib fosil rive nan enèji renouvlab. Piblik la sipòte tranzisyon sa a ak tout fòs epi New York ap kenbe pwomès li! Pandan n ap konstwi yon ekonomi vèt ak avanse enèji ewolyèn olaj zòn kot la, n ap akonpli angajman pou fè New York vin yon lidè nan batay konbat chanjman klimatik la. Mèsi Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske nou kontinye fòje yon chemen nan direksyon pwogrè."

Avansman sa yo bati sou apwòch kontinyèl ki responsab ak rantab nan New York pou devlope enèji ewolyèn olaj zòn kot, ki gen ladan [Prinsip Fondamantal pou Angajman Pati Konsène nan Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la](#), ak [Demann pou Enfòmasyon](#) ke NYSERDA te pibliye dènyèman k ap chèche opinyon nan men piblik la ak moun ki enterese yo pou idantifye sijè yo konsidere nan analiz la nan koridò kab enèji renouvlab sou tè ak olaj zòn kot yo. NYSERDA pral kòmanse tou yon nouvo Plan Direktè 2.0 Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot: Deep Water pral debloke pwochen fwontyè a nan devlopman enèji ewolyen sou lanmè ane sa a.

Eta New York gen senk pwojè enèji ewolyen sou lanmè ki nan devlopman aktif, ki se pi gwo pòtfolyo nan nasyon an. Inisyal pòtfolyo sa a ki totalize plis pase 4,300 megawat epi ki pral alimante plis pase 2.4 milyon kay New York epi li prevwa pote yon enpak ekonomik konbine ki evalue a 12.1 milya nan eta a. Yo prevwa pwojè yo tou pral kreye plis pase 6,800 djòb nan devlopman pwojè, fabrikasyon eleman, enstalasyon, ak operasyon ak antretyen. Atenn objektif 9,000 megawat Eta a disi 2035 pral jenere ase enèji ewolyen sou lanmè pou alimante apeprè 30 pousan bezwen elektrisite Eta New York, ki ekivalan a prèske 6 milyon kay Eta New York, epi ankouraje apeprè 10,000 djòb.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, envestisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###